

Enfòmasyon konsènan egzamen pèfòmans eta Nouyòk bay nan angle kòm dezyèm lang (New York State English as a Second Language Achievement Test, NYSESLAT).

Kisa egzamen pèfòmans eta Nouyòk bay nan angle kòm dezyèm lang lan ye (New York State English as a Second Language Achievement Test, NYSESLAT).

NYSESLAT se yon egzamen ki evalye pèfòmans pitit ou nan lekti, redaksyon, odisyon ak langaj (kapasite pou li, ekri, tandè sa yo di l ak Pale) an Anglè. Yo bay egzamen NYSESLAT pandan plizyè jou

Rezilta pitit ou a nan Egzamen pèfòmans eta nouyòk bay nan anglè kòm dezyèm lang, NYSESLAT) nan Prentan 2021 a pral ede lekòl la detèmine tip ak frekans sèvis li bezwen pou ane akademik 2021-2022 an pou ede l kontinye aprann angle. Sa a gen ladan sèvis Nouvo Lang ak sèvis edikasyon bileng si pitit ou a anwole nan yon pwogram edikasyon bileng.

Ki moun ki pran egzamen NYSESLAT?

Elèv yo te idantifye oswa pwovizwaman idantifye kòm elèv k ap aprann lang angle (English Language Learners, ELL) apati Kindergarten pou rive nan Klas 12yèm ane.

Kilè yo pral bay egzamen NYSESLAT nan ane lekòl sa a?

Ane sa a, elèv yo pral pran egzamen NYSESLAT lan ant 19 avril 2021 pou rive 9 jen 2021. Elèv yo pran egzamen NYSESLAT lan pandan jounen lekòl la:

Ki kote pitit mwen an pral pran egzamen NYSESLAT a?

Yon pwofesè sètifye bay egzamen NYSESLAT lan anpèsòn nan lekòl pitit ou ye a. Pitit ou a ka pran tout pati egzamen an avèk lòt kamarad klas li yo. Lekòl ou a pral prepare ak kreye yon orè pou garanti sante ak sekirite tout elèv yo.

Pitit mwen ale lekòl konplètman adistans Eske li ka toujou pran egzamen NYSESLAT la?

Timoun k ap suiv kou konplètman adistans ka toujou pran egzamen NYSESLAT lan. Poutèt COVID-19, yo pa egzije yo pou pran li. Si w vle pitit ou a pran egzamen NYSESLAT lan nan prentan sa a, tanpri kontakte lekòl la pou pwograme egzamen pou pitit ou nan lekòl li.

Si pitit mwen suiv kou lekòl totalman adistans, epi li pa pran egzamen NYSESLAT nan Prentan 2021 an, kisa ki pral rive?

Si pitit ou a resevwa totalman enstriksyon adistans epi li pa pran egzamen NYSESLAT lan, lekòl ou an pral itilize nivo ezans nan lang angle ki pi resan an pou detèmine tip ak frekans sipò devlopman langaj pitit ou a pral resevwa pandan ane akademik 2021-2022 an.

Yo ta dwe baze nivo ezans nan lang angle dapre nòt egzamen NYSESLAT Prentan 2019 elèv ou a oswa rezilta pitit ou a apati Egzamen Eta Nouyòk pou idantifye elèv k ap aprann Lang anglè a (New York State Identification Test for English Language Learners ,NYSITELL).

Ki kote mwen ka jwenn plis enfòmasyon sou NYSESLAT?

Pou aprann plis enfòmasyon sou NYSESLAT, ale sou paj wèb eta Nouyòk, ki gen ladan Gid Paran ki disponib nan plizyè lang: <http://www.nysed.gov/bilingual-ed/nysitell-and-nyseslat-parent-guides>